

# POESAKA-SOENDA

## DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

### JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,  
J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — GOENOENG SARI 84. — WELTEVREDEN

#### Eusina nommor 2.

Patilasan Radja Djaka Soesoeroe . . . . .	17
Bangsa Kalang . . . . .	21
Patilasan-patilasan di Banten . . . . .	22
Goegoeritan pipilis istri goegah babar . . . . .	26
Goegoeritan paranti njawèr. . . . .	26
Basa Soenda . . . . .	28
Wawatjan Siliwangi . . . . .	29
Pihatoer Redaksi . . . . .	32

#### Patilasan Radja Djaka Soesoeroe.

(Samboengan Poesaka Soenda No. 1).

Sanggeusna Kangdjeng Radja Siliwangi ngadawoeh kitoe, teroes poetrana Radèn Moending Mintra Kasiringan Wangi disaoer, sarta didawoehan koedoe ngamplang ngoembara ka tatar Alasan Pasagi Wètan, nèangan pinagaraeun, sarta dirèntjangan koe doea Toemenggoeng, nja èta

Dipati Toemenggoeng Sewanagiri, djeung Dipati Toemenggoeng Sewanagoeroe, sarta dipasih an djimat Makoeta Siger Kantjana djeung gambar Pakoean Padjadjaran atawa gambar Lawè Domas Kinasih. Saparantosna sadia ladjeng Moending Mintra Kasiringan Wangi djeung Toemenggoeng Sewanagiri Sewanagoeroe angkat tiloan. Barang nepi kana Leuweung ganggong si magonggong, Radèn Moending Mintra sarta doea Toemenggoeng lirèn di dinja, pok mariksa ka Toemenggoeng Sewanagoeroe djeung Sewanagiri, kieu lahirna: „Hè, mang Toemenggoeng Sewanagoeroe djeung Sewanagiri, boa-boa nja ieu pinagaraeun tèh!” Djawabna doea Toemenggoeng: „Soemoehoen dawoeh, èmoetan poen paman ogè kawas-kawas jaktos pisan ieu, pantes oepami didamel nagara tèh, margi palemahanana saè, tana kalingkoeng koe goenoeng, bahè ngètan, nja noe kieu noe di seboet Galoedra ngoepoek tèh.” Toeloej Radèn Moending Mintra neneda ka djimatna Makoeta Siger Kantjana, sarta neneda ka Dèwa Batara Sanghiang Oetipati. Dimakboel panedana, toeloej èta tanah ditjipta, djleg djadi nagara, sarta makè bèntèng 5 lapis, salapis bèntèng beusi, salapis wadja, paroenggoe, perak, lapisan noe pangdjerona beusi poerasani. Ti dinja neneda deui ka Dèwa

moendoet pamoek 8000, baladna 80000, badegan sawidak lima noe poerah ngeroes di Karaton. Sanggausna lengkep eusi karaton rawoeh eusi nagara, toeloj Radèn Moending Mintra Kasiringan Wangi barempoeg djeung Toemenggoeng sèwanagiri, Sèwanagoeroe, baris nangtoekeun pingaraneunana èta nagara. Tapi didjawab koe Toemenggoeng Sawanagoeroe, Sewanagiri: „O, Radèn, perkawis pingaraneunana ieu nagara, oelah ngaborongkeun rama baè, Goesti Praboe Siliwangi di Pakoean Padjadjaran, langkoeng saè abdi baè oetoes ka Padjadjaran ngadeuheus ka Goesti”. Nja toeloj Radèn Moending Mintra ngarempoegan. Ti dinja ladjeng Toemenggoeng Sewanagoeroe angkat sedja ngadeuheus ka Kangdjeng Praboe Siliwangi. Teu katjarios di djalanna, parantos soemping ka nagara, ladjeng marek ka Kangdjeng Praboe Siliwangi, sarta teroes oendjoekan jèn dipiwarang koe poetrana njoehoenkeun pingaraneunana èta nagara, wirèh saniskanten parantos sajagi, henteu atjan dingaranan.

Dawoehan Kangdjeng Praboe Siliwangi: „Ari pingaraneunana èta nagara koedoe „Tandjoeng Singoeroe”, sarta Moending Mintra koedoe gentos kakasih. „Praboe Djaka Soesoeroe”. Ti dinja Toemenggoeng Sewanagoeroe amit moelang, parantos dongkap ka nagara Tandjoeng Singoeroe, toeloj dipariksa koe Moending Mintra Kasiringan Wangi: „Koemaha dawoehanana Goesti Praboe Siliwangi?” Toeloj dioendjoekkeun koe Toemenggoeng Sewanagoeroe, jèn dawoehanana pingaraneun èta nagara tèh koedoe Tandjoeng Singoeroe, sarta radja koedoe gentos djenengan, Praboe Djaka Soesoeroe”. Saoer Radèn Moending Mintra Kasiringan Wangi: „O, atoech noehoen, jèn ajeuna nagara geus aja ngaranna, sarta kami digentos djenengan, ngan handjakal baè atjan boga pawarang. Ari ajeuna saha deui noe baris pibèlaeun, kadjabi ti mamang dipati, ajeuna diperih pati, koedoe nèangan Poetri keur baris pawarang”. Saoer Toemenggoeng Sewanagoeroe: „Mangga abdi ajeuna baris nèangan poetri, malah parantos mendak wartos, aja modjang di nagara Bitoeng woeloeng, poetra Toemenggoeng

Bitoeng woeloeng, Pangèran Djoengdjang Boeana, djenenganana èta Poetri noe hidji Sekar Djajanti, hidji deui Djajanti Kembang”. Saoer Praboe Djaka Soesoeroe: O, atoech lamoen kitoe mah oerang sakalian baè lamar, njandak sakoemaha adat biasa panglamar, keur ka Toemenggoeng Bitoeng woeloeng”. Ti dinja ladjeng Patih angkat. Geus dongkap ka nagara Bitoeng woeloeng, kasondong Radja keur lenggah, toeloj Patih ngadeuheus, dipariksa koe Radja: „Ti mana sampèan, saha toeang kakasih djeung rèk naon?” Djawab Toemenggoeng Sewanagoeroe: „Noemawi marek, ieu koering tèh Patih Tandjoeng Singoeroe, badè ngalamar, djadi oetoesan Ratoe. Koemaha poetra sampèan jaktos lagas kènèh? Oepami lagas ajeuna disoehoenkeun”. Saoer Radja: „Bener kaeola boga anak, tapi koe ieu koe ieu ogè dilamar teu dibikeun baè, ajeuna dipendoet koe toeroenan Pakoean Padjadjaran, Praboe Djaka Soesoeroe, ari tjara kaeola mah ngan samboeng doenga, sarta oelah dililalila, sabab Poetri geus sawawa”. Saoer Patih: „Oepami kitoe noehoen, malah ajeuna ogè badè dibantoen sakalian, soepaja dinten ieu kasanggakeun ka Praboe Djaka Soesoeroe”. Saoer Radja Bitoeng woeloeng Djoengdjang Boewana: „Ih atoech ajeuna mah oerang sakalian baè dianteurkeun koe kaeola”. Ti dinja teroes arangkat, kotjap geus soemping ka nagara Tandjoeng Singoeroe, toeloj dipariksa koe Praboe Djaka Soesoeroe hasil henteuna. Patih ladjeng oendjoekan jèn hasil, malah kabantoen, sarta disarengan koe ramana, sarta toeloj koe ramana dipasrahkeun ka Praboe Djaka Soesoeroe, saorna: „Ajeuna mangga njèrènkeun, geus teu ngalalangkoengan Praboe Djaka Soesoeroe”. Tidinja ramana Poetri mah amit moelih ka nagarana di Bitoeng woeloeng.

Katjarios Praboe Djaka Soesoeroe, moendoet kempelan sareng para Dipati, para ponggawa sakabèh, badanten baris pèsta rèh parantos kagoengan pawarang tatjan dipèstakeun. Teu lami geus ger pèsta ramè 7 poè 7 peuting.

Toenda sakedap lalakon Praboe Djaka Soesoeroe, kotjapkeun aja hidji nagara, nagara Goenoeng Goemeroeh, djenengan

Radjana Badak Tamela Soekla Panorok Djaja. Eta Radja teu kagoengan garwa, ngan kagoengan sadèrèk istri hidji djenengan Ratna Kembang Tan Goémilang.

Radja keur linggih di Pasèban, ngadangoe anoe pèsta di nagri Tandjoeng Singoeroe, toeloj njaer raina njai Poetri Ratna Kembang: „Njai di mana èta noe pèsta tèh?”

Djawab Poetri: „Eta noe pèsta tèh, di nagri Tandjoeng Singoeroe, Radjana keur olèng-pangantèn djeung Poetri Sekar Djajanti, Djajanti Kembang”.

Saoer Radja: „O atoe, èta mah modjang kantan anang ti baheula, èta poetri Sekar Djajanti tèh bèbènè akang. Tjoba njai dagoan heula, ajeuna koe akang rèk diiwat”.

Djawab raina: „Akang oelah, sabab èta mah pawarang Radja, nadjan akang wedoek ogè moal mampoe, tangtoe orang tjilaka”.

„Ah keun baè koe akang rèk direboet, moal beunang ditjaram, kapan akang boaga kawah Domas; èta Praboe Djaka Soesoeroe koe akang dèk diledjokeun, rèk dibobodo diseboetkeun di kawah Domas aja inten gedèna sagedè ènèng, sina ditjarokot, sarta moen geus di djero kawah, pantona koe akang rèk ditoeop”.

Ladjeng Radja Goenoeng Goemoeroeh angkat, geus soemping ka Tandjoeng Singoeroe, teroes pamit neda eureun.

Katingali koe Radja Tandjoeng Singoeroe ladjeng dipariksa: „Sampèan ti mana asal, sarta saha djenengan tara-tara ti sasar, kawas anoe aja bèdja?”

Djawabna: „Leres akang tèh Radja Goenoeng Goemoeroeh, noe mawi dongkap ka dieu, sedja bakti, nagri, njangakeun djelema, sareng inten boentet sagedè ènèng, noe aja di kawah Domas; teu aja deui noe baris piiasaeun njandak ngan rai, noe kagoengan milik”.

Ladjeng Radja Tandjoeng Singoeroe njaer ka raina: „Koemaha Njai, èta orang ejeuna dibaktian nagri, djeung inten, koemaha hadè tanpa atawa entong”.

Djawab raina: „Entong raka, biheung teuing èta anoe rèk nganiaja ngagoda ngarantjana ka orang, sareng ieu rai sèdjèn raraosan, asa rèk ngandeg”.

Tapi Patih Toemenggoeng Sewanagoe oendjoekan: „Moal saè èta noe bakti teu ditampi, ajeuna mah mangga baè orang angkat”.

Ti dinja ladjeng arangkat Praboe Djaka Soesoeroe Toemenggoeng Sèwana Goeroe, Sèwana Giri sareng Radja Panarak Djaja. Teu kotjap di djalanna, geus soemping ka kawah Domas. Barang soemping ladjeng Praboe Djaka Soesoeroe Toemenggoeng Sèwana Goeroe sareng Sèwana Giri narempo kana èta kawah.

Teu tata pasini deui koe Radja G. Goemoeroeh, èta noe tiloean tèh ngan didjedekan baè digebroeskeun kana kawah Domas. Barang geus tigoebag tiloeanana, toeloj pantona ditoeop koe batoe woe loeng koe èta, Radja G. Goemoeroeh. Eta mènak noe tiloe di djero dasar kawah Domas, teroes tatapa, lamina kenging 80 taoen.

Ti dinja Radja G. Goemoeroeh teras angkat ka nagara Tandjoeng Singoeroe, maksoedna rèk ngandih nagri. Barang soemping ladjeng dipariksa koe Poetri Sekar Djajanti, Djajanti Kembang: „Raka, Radja G. Goemoeroeh, naha di mana kènèh ari Praboe Tandjoeng Singoeroe?”

Djawabna: „Njai ajeuna entong nanjakeun Praboe Djaka Soesoeroe, sabab koe akang enggeus di djeroem, ajeuna mah tjarogè njai tèh nja akang pisan, sarta ieu nagara koe akang rèk diandih”.

Djawab Poetri: „Ah doeka, sabab koe ring mah moal pegat toehoe ka Praboe Djaka Soesoeroe!”

Keukeuh Poetri dipaksa, teras èta Poetri maboer, barang dongkap ka pileuweungan, bobotna geus djedjeg 9 sasih, èta poetri ngowo di tengah leuweung, poetrana pameget sadajana, sarta didjenanganan èta moerangkalih noe ti Sekar Djajanti Heulang-boengbang-legantarloenggoeh-tapa-djaja-perang, ari noe ti Djajanti Kembang djenenganana Kebo Keremai Sakti Pangèran Giringsing Wang. Eta moerangkalih doewanana dirorok di pileuweungan, ageung di pileuweungan.

Barang geus joeswa 10 taoen èta maroerangkalih sareng iboena teras ngoengsi ka nagara Tandjoeng Soembara. Ari

anoe kagoengan nagara èta, Gadjah Karoemasakti; ari garwana doea, djenengan Poerba Dewata, Ratna Dewata. Barang soemping èta maroerangkalih sareng ibo-iboena ka pajoeneun Radja Gadjah Karoemasakti, dibagèakeun: „Oh soekoer noehoen bagèa soemping, ieu tèh noe ti mana, sarta toeroenan saha?”

Djawab Poetri: „Oepami Radja pertjanten, ieu poen anak, toeroenan Kangdjeng Praboe Siliwangi, poetra Praboe Djaka Soesoeroe; ari koering iboena, noe mawi ka dieu sedja njoehoenkeun toeloeng panggoegahkeun Praboe Djaka Soesoeroe, noe aja di djero dasar kawah Domas, didje-roem koe Radja G. Goemoeroeh”.

Dawoehan Radja: „O njai, hadè koe akang ditoeloengan. Ajeuna èta nagri Tandjoeng Singoeroe oerang djieun lantaran, soepaja kaoeninga koe Radja G. Goemoeroeh, èta nagri oerang hoeroe”.

Djawab Poetri: „Saè, nanging moega ènggal digoegahkeun heula noe aja di dasar kawah”.

Ladjeng Radja Gadjah Karoemasakti angkat, barang soemping ka Tandjoeng Singoeroe, teras èta nagri dihoeroe, seu-neu moentab-moentab saeusi nagri boedal ngalèr ngètan ngidoel ngoelon, nagara boerak-barik.

Barang kaoeninga koe Radja G. Goemoeroeh, njabab ka Radja Gadjah Karoemasakti.

Djawabna: „Ieu nagara kaoela”.

Tjeuk Radja G. Goemoeroeh: „Noe kaoela”.

Paakoe-akoe, toengtoengna ger perang èta Radja Gadjah Karoemasakti djeung G. Goemoeroeh, ramè geloet ngadoe kasaktèn; toengtoengna Radja G. Goemoeroeh kadèsèh perangna, nepi ka taloek ka Radja Gadjah Karoemasakti.

Ti dinja Radja Gadjah Karoemasakti njaoer: „Ajeuna manèh hadè taloek, tapi koedoe geuwat ngagoegahkeun Praboe Djaka Soesoeroe ti dasar kawah Domas”.

Djawabna: „Mangga, tapi kedah sareng, sareng sampèan, oerang ka kawah”.

Ti dinja ladjeng arangkat, barang soemping kana kawah Domas, batoe toetopena tèa toeloj didjoengkatkeun, bèh kappendak èta noe tiloelan tèh, Praboe Djaka

Soesoeroe, Toemenggoeng Sèwanagoeroe, Sèwanagiri, ladjeng digoegahkeun dihandjatkeun.

Èta Radja G. Goemoeroeh njanggakeun pertobat ka èta 3 mènak tina oeroet waktoe tadi sakitoè ngaja-ngajana ka èta Praboe Djaka Soesoeroe, sarta nagarana ka-toet eusina dipasrahkeun rawoeh sadèrèkna noe istri disanggakeun ka Praboe Djaksa Soesoeroe, soepaja didamel pawarang. Satoelojna nagara G. Goemoeroeh kaparèntah koe Praboe Djaka Soesoeroe.

Ti dinja ladjeng Praboe Djaka Soesoeroe angkat sareng poetri sadèrèkna Radja G. Goemoeroeh ngaboedjeng ka nagara Tandjoeng Soembara. Djadi tetepna Radja Praboe Djaka Soesoeroe di nagara Tandjoeng Soembara kagoengan pawarang 3 poetra 2 papatih 4 nja èta:

1. Toemenggoeng Sèwana Goeroe.
2. Toemenggoeng Sèwana Giri.
3. Toemenggoeng Gadjah Karoemasakti.
4. Toemenggoeng Badak Tamela Sakti Panarak Djaja.

#### *Panaloengtik.*

Saparantos djisim koering terang lalakonna, nja koe djisim koering koeta-koetana sareng Batoedjamban, nja èta anoe baheulana tempat paranti siram oerang karaton Tandjoeng Singoeroe tèa, dipotrèt. Malah toeloj marios kaajaan oeroet karatonna, djalanna mapaj-mapaj djalana satapak, sasarengan sareng toean Bakker goeroe di Tjiandjoer.

Tegal anoe aja di toekangeun koeta bèntèng tèa, rada majat, tapi di saba-baraha tempat aja anoe nèplak datar. Tangkalan anoe galedè mèh teu aja, manawi ditaloearan koe oerang dinja. Di dinja kadjab ti koeboeran koeli-koeli anoe maraot basa keur njeun torowongan solokan, koering mendak koeboeran baheula, anoe njangirahna henteu noeroetkeun atoeran islam, sareng leuwih parandjang batan astana sèdjèn. Tapi ari batoe-batoe atawa tèmboekan mah anoe pantes djadi tjiri patilasan karaton, henteu aja; ngan harita koering mendak loeloempang batoe alit sareng lakina (haloena) lonjod.

Saè pisan oepami lolongkrang antawis

koeta sareng koeta tèa anoe kapoengkoerna mah tangtos langkoeng djero, dikali; malahmandar mendak oeroet-oeroet baheula anoe djadi katrangan anoe leuwih tètèla kana ngadegna èta karaton.

Margi tangtos pisan baheula oepami Tandjoeng Singoeroe aja anoe ngaroeroeg, koeta bèntèng tèh didjagi koe soldadoe, nja di dinja deui ngalawanna moesoeh tèh, sareng moal boa rèa anoe maraot marawa pakarang. Oepami tiasa mendakan pakarang-pakarangna tangtos kènging dianggo saksi geusan nangtoskeun djaman-djamanna ajana èta Karaton Tandjoeng Singoeroe.

Palemahanana ieu karaton aloes pisan, ngongkang ka waloengan Tjisokan, anoe baheulana mah tangtos pisan langkoeng lega, toer dipoengkoer dilioeng koe goenoeng, goenoeng Tjiboelè sareng Kiarapajoeng, taja petana beunang direboet koe moesoeh, moal bisa èlèh koe atah-atah. Anoe ngaroeroeg, noe rèk ngadjabel karaton, koerang-koerang tohagana mah kawasna, moal baè kana bisa meunang tèh.

Di peuntaseun Tjisokan ogè beulah katohoe, tjaket kampoeng Tjiboelè, aja deui koeta bèntèng, doea.

Di G. Kiara Pajoeng doegi ka ajeuna aja kènèh hidji tangkal kiara anoe poentjakna ngarandakah sapertos pajoeng. Di dinja aja padjaratan, noemoetkeun tjarios oerang dinja sanget, malah sok dianggo pamoedjaan koe sato hëwan leuweung dina oenggal sasih Moeloed.

Ari oeroet aloen-aloen anoe nelah disebut aloen-aloen „Sëwoe Tjengkal”, datar neplak pisan, sakoerilingna tegal baè, pernahna katjida saèna, pikabetaheun.

Noemoetkeun babad sareng Serat Kanda Madjapahit tingali Pararaton (Kèn Arok) anoe dikaloearkeun koe Bataviaasch Genootschap van Kunsten en Wetenschappen, djilid LXII tjitakan ka 2 kènging Dr. N. J. Krom katja 110, 11-, 203, 216, 217, 218 sareng 223. Jaka Suruh atanapi Susuruh tèh, anoe mimiti ngadegkeun karadjaan Madjapahit, sarta nja andjeunna anoe mimiti djoemeneng radja kakasihna Radja Brawidjaja ka hidji ngerèh Djawa Koelon sareng Djawa Wètan.

Oepami diparios koe Oudheidkundige Dienst tangtos bakal seueur deui kaanèhanana.

## Bangsa Kalang

(Samboengan Poesaka Soenda No. 1).

Koe lantaran harita èta Nji Landjang keur tareunanganeun sarangeuk toeroen, pok baè ngedalkeun omong, jèn saha-saha anoe bisa mangnjokotkeun toropongna, moen lalaki didjieun salaki, moen awèwè didjieun doeloer. Harita kabeneran si Toemang (Dina Djowo: bruine hond) ngaliwat, sarta omongan èta awèwè tèa kadèngèun. Kop baè toropong tèh ditjokot, kalatjat oenggah, sok dibikeun ka anoe boga. Eta awèwè kapaksa nekanan djangdjina èta andjing djadi salakina. Heuleut sawatara lilana, palendoeng reuneuh, sarta brol ngadjoeroe, anakna lalaki. Barang èta boedak geus oemoer 20 taoen, moro bagong ka leuweung, mawa andjing tèa, tapi ari manèhna mah boeta-moena, teu njaho jèn èta andjing tèh bapana teges. Di leuweung bèh manèhna manggih bagong bikang, teroes dioedag, andjingna dihoetjoehkeun. Sebrot andjing ngoedag, tapi ari gok si Toemang anggoer koepatkèpot, teu daèkeun ngarontok. Atoeh anoe moro tèh ngambek, harita kènèh andjingna dipaèhan, nja kitoe deui bagongna dikadèk, paèh patoendjang-toendjang djeung andjingna.

Sanggeus kitoe mah lèos baè balik, sadatang-datang galantang ditjaritakeun ka indoengna mentas moro, maèhan andjing djeung bagong. Indoengna ngarèndjag ngadèngè tjarita anakna kitoe tèh, sarta pok diomongkeun, jèn èta andjing tèh saenjana nja bapana, djeung ari èta bagong, ninina. Indoeng djeung anak ajeuna mah ngan bati soesah baè.

Katjaritakeun èta boedak ngora hila-lila boga bodjo, nja anakna djeung satoe-roenannana diseboet bangsa Kalang. Kitoe toetoeranana, anoe matak tepi ka ajeu-

na bangsa Kalang tëh ditoeding toeroenan andjing, djeung koe sabab èta katjida resepnana kana ngingoe andjing.

(Djadi sasakala Kalang tëh, saroea pisan djeung sasaka Djaka Sona atawa Sang Koeriang di Soenda S. d. R.).

Aja deui anoe nerangkeun asal-moesalna Kalang tëh kieu.

Dina windoe anoe ka 17, waktos Soeltan Ageng ngasta karadjaan Mataram, di Djawa tengah aja djelema saba leuweung, teu poegoeh padoemoekanana pipindahan ti hidji goenoeng ka goenoeng sèdjèn, tatalihoeripna tina boeboehan leuweung baè, mindeng maranèhanana ngarala laeok di waloengan-waloengan, atawa moro.

Katjida dipikasieuunna koe oerang Djawa, pèdah padjar galak, djeung sok babadok rarampog atawa ngadon ngarandjah ka pilemboeran-pilemboeran, naon baè anoe kapanggih diringkid tara dikarikeun.

Barang kaèmpèr-èmpèr ka Radja Mataram, jèn èta bangsa kitoe taladjakna, nja geuwat Kangdjeung Radja, ngoetoes Patih djeung para ponggawa sagagamanana pikeun nangkep èta djelema-djelema.

Teu sakoemaha lilana kakerid kabèh dibawa ka Mataram, sarta koe Kangdjeung Radja diperenahkeun dina hidji tempat anoe dibèntèng, teu meunang aja noe ingkah, malah ka loear ogè ti djero koetana, lamoen teu kalawan paidin mah, teu meunang.

Ari pakasabanana nja dipaparin gawè, ngagarap kai, ngoentaj, njeunan sèla.

Tah kitoe tjenah sababna anoe matak diseboet oerang Kalang tëh, pèdah dikalangan teu meunang ingkah ti tempatna.

Baheula mah dilarang banget naker, teu meunang aja bangsa kalang anoe nJOROK ka oerang Djawa. Tapi ajeuna mah geus patjorok baè, anoe matak tangtloe lila-lila mah èta bangsa tëh moesna pisan.

Tjeuk sakaol bangsa Kalang tëh, djelema bojongan, tataloekan ti Balangbangan basa keur perang Djawa Tengah djeung Djawa Wètan. Ari tjeuk sakaol deui oerang „Tanah Sabrang” taksiran baè oerang Malaka, anoe dirintahkeun ka Djawa.

*Kana moenggalan*

22

## Patilasan-patilasan di Banten.

(Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).

Sakoemaha anoe geus kaoengel ti pajoen, koering ti Serang tëh madjoe ngalèr, toeroet djalan gedé anoe bras ka Banten, ajana èta djalan sakatoehoeun waloengan Tjibanten. Sapandjangna anoe kaliwatan tëh pasawahan baè radjeun kaselang koe taloen djeung lemboer-lemboer. Mimiti koering sindang heula ka boemina Raden Ajoë Poedjaningrat, garwa R. A. Soetadiningrat, Dalem Serang sawargi. Andjeunna nadjan geus sepoeh ogé, joeswana bédjana geus leuwih ti 100 taoen, tapi daréhdéhna saréhséh djeung soméahna ka sèmah, teu aja soedana.

Koe Djoeragan Angling Koesoemah andjeunna ditaros soegan émoet aja pasanggrahan anoe diseboet Kota Roeboeh, tilas kalangenan Soeltan Ageng. Tapi teu oeningaun, malah saornana, soemawonna oeninga, teu ara ngadangoe-dangoe atjan Kota Roeboeh mah. Ari kana patilasan-patilasan anoe sèdjèn mah, saperti tilas karaton soeltan-soeltan, Tasik Ardi dj. s. t. andjeunna tëh tatag naker njarioskeunana.

Kira-kira 2 pal djaoehna ti dinja, di sakoeloneun djalan, aja kana 30 M. mah ti djalan, aja koeboeran anoe nelah ODEL. Ari anoe soemare di dinja Mangkoe Boemi baheula, Pangèran Astapati djenenganana, anoe diaranggap andjeunna tëh toeroenan Praboe Siliwangi ti Padjadjaran. Eta makam dikoeta sakoerilingna, di djerona ngararanggoenok kakiaan anoe djadi ioeh-ioeh. Lawangna ajana beulah ti kidoel ngabangoen potongan Hindoe.

Deukeut ka pal 6 sawétaneun djalan, kira-kira 100 M. peuntaseun djalan karéta api, di tengah sawah, aja anoe dibèntèng, nja èta makamna Maolana Joe-soep, poetra Maolana Hasannoedin. Eta koeboeran legana kira-kira 80 M, pasagi, dikoebeng koe koeta témbok loehoerna koerang leuwih 1½ M, lawangna dipantoan, tapi wawajagon naker.

Sadjeroeun koeta loear aja deui bèntèng.

nja di tengah-tengahna aja adegan tempat makam téa djeung makam poetra poetoena.

Ari di salocareunana, anoe kakoeroeng kènèh koe koeta, pinoeh koe makam wargi-wargina anoe lalandes kènèh. Ari koela wargi anoe geus lalaèr mah djeung pangiring-pangiring makamna di loeareun koeta téa.

Ti kadjaohan mah éta makam-makam téh, dalah adeganana ogé, heuteu ka tingal, da kahalangan koe kakaiian, djadi babakoena.

Sanggeus ngaliwat sasak deukeut pal 6, djalan téh rada ngoelon, ngaliwat oeroet karaton Soeltan Safioedin.

Ngan sataoen Soeltan Moehamad Safioedin ngastana karadjaan, kabodjeng poepoes, ngantoen garwa djeung poetra boerej kénéh, noe djenenganana Moehamad Rafioedin. Soeltan Moehamad Rafioedin nja di dinja deui karatonna saboemi sareng iboena, noe matak ka-béh-dieu-nakeun éta karaton diseboet **K a r a t o n k a i b o n**, da ari karatonna noe saenjanan mah di Kasemèn, pernahna deukeut karaton Kaibon téa.

Ari karaton loeloehoerna anoe asal mah, anoe diseboet Kota Inten téa, kawasna sanggeus dirandjah djeung diroeksak dina taen 1808, alam Toean Daendels téa, henteu dieusian deui.

Lingghina di dieu ogé kawas-kawasna nja teu pati lila, malah tjeuk tjarita oerang dinja mah, lililana ngaratonna téh di Kasoeniatan, nja ti dinja ngalih deui ka Sérang, makoewon di hidji boemi saki-doeleun aloen-aloen. Teu lami ti sanggeus boemén-boemén di Sérang, iboena Moehamad Rafioedin kagoengan tjarogé deui ka dalem Serang, anoe djenenganana Pangéran Abdoel Hasan (+ = 1830).

Barang Moehamad Rafioedin enggeus sawawa, nja didjoengdjoeng loenggoeh digelar Soeltan, kalawan pirempag Toean Raffles, toemoet perdjangdjian djeung Goepnemén.

Tapi Goepnemén tjangtjaja ka andjeunna, koe sabab éta Soeltan anoe masih anom kénéh téh dipernahkeun lingghina di Sérang.

Heuleut sawatara taen ti harita, kira-

kira taen 1832, andjeunna disangka salilon djeung badjo di Selat Soenda. Koe lantaran éta, sakoemaha anoe geus kaoengel dilohoer, andjeunna diboeang ka Soerabaja, nja poepoes dina taen 1900.

Demi patilasan karaton Kaibon téa, anoe ajeuna masih aja kénéh mah, pernahna bèhditoeun sasak téa, babakoena ngan kari koeta témbok kandel, pandjang-aja kana 80 M. mah, ari loehoerna 2½ M. aja lima lawangna, bangoen potongan atoeran Hindoe. Kitoe ogé éta koeta-koeta téh geus rocksak, pinoeh koe akar tjaringin anoe djaradi di loehoerna.

Lempengan lawang anoe tengah, kira-kira aja 50 M. sadjeroeunana, aja tilas katja-katja, ngaranna **PINTOE DALEM**, ari deukeut lawang anoe pang koelonna, aja 20 M. mah djaoehna ti djalan, aja oeroet masigit karaton. Salian ti éta mah geus djadi leuweung baé, pinoeh koe tatangkalan aja kawoeng aja kalapa djeung djaba ti éta, bala pisan nepi ka tjaja petana beunang disorang.

Oepama aja noe naléngteng, naha di dinja téh baheulana aja karaton saadat biasa, atawa koemaha? Tah éta teu aja noe bisa mastikeun. Malah saer Djoeragan Angling mah, Karaton Kaibon mah, Kawasna teu koengsi anggeus-anggeus atjan.

Sakoeloneun Karaton Kaibon nja karaton Kasemén téa, tilas Soeltan Zainoel Salihin, anoe katelah Soeltan Ageng Kasemén. Ieu mah tilas karaton téh, teu aja oeroet-oeroetna atjan, geus djadi kampoeng baé, lemboer Kabalèn ngaranna.

Di deukeut Kasoeniatan aja koeboeran koeboeran karamat, makam Ratoe Asia ogé, iboena Soeltan Rafioedin, nja di dinja deui.

Ti Kaibon djalan téh teroes baé ngoelon, mengkol ngalér ngaliwat kampoeng Banten, ti dinja ngoelon deui, djolna ka oeroet aloen-aloen dajeh Banten baheula.

Oepama oerang hajang terang koemaha kaajaanana dajeh Banten baheula, kira-kira dina taen 1600, oerang bisa nangénan dina karangan Toean S. E. Harthoorn, dina Indische Gids taen 1890, anoe ringkesna kieu:

Dajeh Banten téh baheulana dikoebeng koe koetabata, teu maké bénténg tohaga

anoe pikeun djadi aling-alingna, ngan oenggal kira-kira sapanjeloeuk diajaan papanggoengan tiloe-tiloe oempak, paranti anoe ngadjaga, sarta dina oenggal djoeroe pada djoeroe panghapit bëntèng bata tèa, diajaan mariem digolèrkeun dina taneuh atawa makè roda. Aja tiloe katja-katjana kai, lawang ka kota, teu makè panto tara dipendeutan, tapi didjaga koe pradjoerit anoe santosa pisan, sarta atoeranana ditata tepi ka hèsè moesoeh anoe arèk nempoh dajeh.

Dina palebah waloengan atawa solokan anoe ngotjor ka kota, nja ti girangna nja ti hilirna direumpeuk koe awi tohaga pisan.

Ti Katja-katja anoe tiloe tèa, nja èta katja-katja laeet, katja-katja darat, djeung katja-katja goenoeng, aja djalan anoe bras ka aloen-aloen.

Sakidoeleun aloen-aloen nja karaton Kangdjeng Soeltan, anoe didjieunna koe kai, ari masdjid mah djeung Boemina Mangkoe Boemi tèmboek. Di sawètaneun aloen-aloen aja goedang pakarang ngadjegir sagedè nanahaon, ari sakoeloneunana nja masdjid dikentèng, radjeg tihang-tihangna kai tjandana woengkoel, bilikna tèmboek dihias koe roepa-roepa poslèn. Di sawètaneun kota aja masdjid leutik deukeut basisir.

Waloengan anoe ngaliwat ka dajeh, djerona tiloe kaki tjaina tjameubleu, dipakè pamitjeunan roentah-roentah djeung kokotor ti pakampoengan anoe dareukeut ka dinja, sakalian djeung paragi mandi, awèwè lalaki broeg baè di dinja.

Ari oerang Sabrang, saperti oerang Malajoe, Persi, Birma, Toerki, Arab, Habesi, dj. s. t. tjaritjingna di toeroet basisir. Patjinan perenahna di sakoeloneun dajeh, di pager ti daratna, dikoerilingan koe rawa minangka pangdjaga bisi aja anoe arèk mergasa ka maranèhanana. Bangsa Portegis ogè nja kitoe deui ka-bèhdieunakeun bangsa Walanda djeung Inggris, nja di Patjinan tèa deui ngalandjrekna.

Banten tèh Kota Palaboean Hindia anoe pang mimitina, djadi panondaan saniskara hasil boemi, anoe diliarkeun ka sakoe-liah nagara. Oenggal poè di pasarna ramè lain dikieuna, nojèk, djelema anoe dara-

gang anoe ngabarodjong kahasilan, moengpoeng koempoel soedagar sagala bangsa anoe ngahadja ngaradon balandja djeung ngadon daragang.

Karamèan kaagrèngan djeung kahègaran pasar Banten harita, anoe ditjariskeun koe Toean Harthoorn dina boekoena, soeroep loejoe ninggang pisan kana balikanana Banten ajeuna, tjombrèk tiseun sepi rèhè djèmpè, djelema pating arentang, lemboer dikoekoedoeng aloen ngoeloewoet atina djoewet, tarikolot inget ka alam ka toekang. Ari koe kitoe tèa mah, atoe da boeboehan doenja, nja tangtoe aja pasang soeroedna. Banten ogè nja kitoe ilahar oenggal nagara, aja waktue noedjoe poendjoel, loefoeng dina oesoem agoeng, ana datang mangsana tigerat, nintjak babahan katiga, dirandapan nista hina, nja teu bisa koemaha, tanda de-nja henteu lana.

Kitoe ringkesna.

Karaton anoe ajana sakidoeleun aloen-aloen tèa, diseboetna Kota Inten, diadegkeunana koe Soeltan Hadji.

Ari karaton Soeltan Ageng dina boelan Desember taoen 1605 kahoeroean sabagian, djeung dina taoen 1607 moesna pisan koe seuneu kènèh.

Dina taoen 1680 basa taroeng Soeltan Ageng djeung Soeltan Hadji, karaton noe ngaranna Soerasoan, roeksak, tapi toeloj diadegkeun deui ngabangoen bëntèng, nja koe bangsa Walanda disareboet „Fort Diamant” (Kota Inten). Lilana didjieunna 2 taoen ti taoen 1680 n.k. taoen 1681.

Anoe njieunna ieu karaton, ngaranna Hendrik Laurens zoon van Steenwijk (Koe toean Valentijn ditambahan ngaran Cardeel) anoe nelahna Wiragoena, tadina tjeuk sakaol, oeroet matros tjeuk sakaol deui oeroet toekang tèmboek Koempeni, anoe biloeuk ka Soeltan teroes aseop Islam.

Oepama ajeuna oerang datang ka Banten, tangtoe ningal doea tjaringin koe-roeng, anoe kantoen, ngaroenggoenoek di tengah-tengah noe bala, tilas tjiri lawang ka karaton. Pasèsaan-pasèsaan oeroet bahan djeung dangdaman adegan baheula tèa, nja araja kènèh, ngan edas tempatna koe balana, bangsa disorangna. Oepama oerang hajang tètèla kana patempatan



djeung atoranana oeroet Kota Inten tèa, kawasna taja lian ngan tempatna baè koe-doe ditjatjar heula, dibabad dibersihan sina lè nang. Tapi ari sahidji-hidjieun mah tilas Soeltan tèh nja aja kènèh baè, anoe beunang disorang hèsè-hèsè ogè, nja èta saperti, kamar di djero taneuh (goeha) „penjepèn” ngaranna, tempat Kangdjeng Soeltan samedì. Ti karaton aja torowongan, djalan (liang) di djero taneuh anoe djolna ka „Larah dènoh” gedong pendem, tempat njimpen radja barana, anoe di djerona aja djoeroes toegoerna, nja èta oraj, parabna endog geus biasa. Ari djoeroe koentjina (tjandolina) hidji awèwè gemejek pendèk gedè ngaranna ketelah „Larah dènoh”, anoe matak èta gedong pendemna tèa ogè kitoe ngaranna, ngala ka noe toenggoena téa. Eta kamar legana k. l. 15 M<sup>2</sup>, aja kènèh oeroet-oeroetna, tapi lamoen téu aja toedoe djalan mah anoe nerangkeun, moal njangka oeroet njimpen radja brana, sabab koe saliwat mah siga pisan oeroet dapoer. Ieu ogè gedong pendem tèh, ajana di tengah-tengah noe bala deui.

Ti djero gedong pendem tèa aja pangparatanana kawasna oeroet lawang paragi bidjil bras ka hodji goeha anoe kelewoeng gonggona aja 5—6 M. pinoeh koe akar tjaringin anoe geus kahot naker. Tembok noe sakoeloneun ieu goeha tètèla rada bèh dieu didjieunna, goenana keur mipindingan goeha tèa. Ieu goeha ajana di kampoeng Banten sakoelon-kalèreun „Kaibon”, kira-kira aja 20 M. anggagna ti djalan anoe ka Banten.

Kawasna èta goeha torowongan tèh henteu boentoe, malah disarangka parat ka Kaibon, sarta ti dinja aja deui teroesanana ngoelon, bras ka deukeut pal 6 sisi djalan anoe ti Sérang ka Banten tèa, ngaliwat solokan. (Ieu solokan kawasna dikalina sanggeus aja torowongan tèa). Ti dieu torowongan tèh mêngkol ngidoel nepi ka kampoeng Koja.

Di Koja aja oeroet lawang sakètèng. „Pintoe Gapoera” ngaranna. Lamoen oerang asoep ka èta lemboer madjoe ngoelon, sanggeus ngaliwat koebang kawas rantja, tjai ngembèng teu djero, engkè ningal tàmboek doea goendoek oeroet to-

rowongan ka djero taneuh tèa. Tembokna anoe di sisi solokan (ajeuna mah geus lain solokan, waloengan baè) neundeut, geus teu katingal, kawasna nja èta djalan anoe njamboengkeun Kaibon djeung Koja tèh.

Di sapeuntaseunana mah tilas-tilasna èta djalan torowongan tèh, tètèla kènèh naker.

Karaton Kota Inten tèa, sanadjan dipiwarang diroeksakna koe toean Daendels ti taoen 1808 kènèh, tapi ari moesnana pisan mah dina taoen 1832, kitoe ogè seuseut-seuat.

Atoeh da teu gampang ngabasmì èta mah oeroet karaton Soeltan tèh, kawantoe diranggapna koe djelema-djelema oerang dinja, èta mah Kota Inten tèh, karamat. Noemoetkeun karangan toean Brumund djeung toean van der Velde mah, bisa setèh roeksak, makè diparantjahan heula nanaon koe Hadji-hadji sababaraha oerang.

Noeroetkeun tjarita-tjarita oerang dinja anoe tepi ka ajeuna sok djaradi omong, Soeltan Ageng tèh tangtoe kagoengan deui gedong pendem anoe dieusi doeit, atawa radja barana anoe sèdjèn, anoe teu kapanggih tempatna, boektina tjeuk tjarita oerang dinja mindeng pisan aja toekang ngala laeok, boh anoe lintar boh noe ngetjrik, sok mareunang doeit, geblèngan pèrak atawa emas kabawa koe heurapna, kawasna ajana èta goedang oerang di deukeut sisi Tjibanten, sarta lila-lila kasosok koe tjai, eusina kapalidkeun.

Sakoeloneun aloen-aloen aja solokan leutik, didinja aja kènèh oeroet djambatana-na tèmboek, baheulana mah oeroet sasak djoengdjoeng (sasak anoe beunang didjoengdjoengkeun). „Djambatan rantè” ngarana, anoe djalanna bras ka bèntèng Speelwijk. Eta solokan baheulana mah woeloengan, roebakna k. l. 20 M., sarta dja-di palaboeanana parahoe-parahoe (kapal) dagang, tapi ari ajeuna mah geus saeur, roebakna ogè kari 3 M. deui mah.

Aja samboenganana.

**Goegoeritan pipilis istri goe-  
goegah babar.**

(Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).

- IV. Saben ningal hatè raos resmi,  
ketir kelar tjampoer reudjeung soeka,  
hibar sinar lajoeng mokprok,  
srangèngè toenggang goenoeng,  
raatna hoedjan asar ahir,  
kasoempegan tèh moesna,  
hampang ngemplong kalboe,  
waas roes-ras lega tingal,  
kalebetan koe pangemat èlmoe demit,  
kapintjoet raga soekma.
- V. Henteu bènten panarikna istri,  
anoë anjar goegah ngowo tèa,  
geugeut honeng si tjarogè,  
loemah-lamèhna lemoe,  
tjoemantèl sami katoembiri,  
koë lajoeng kahibaran,  
asal liwoeng woejoeng,  
ajeuna djadi boengangang,  
ginandjaran slamet rabi rawoeh  
baji,  
tjimoel soeka noe aja,
- VI. Soemelangna goemeterna pikir,  
èling ka noe boga kakandoengan,  
asal soempeg beurat hatè,  
neneda ka Jang Agoeng,  
teu petot petot siang wengi,  
diparin ènggal medal,  
dikaboelkeun maksoed,  
sami sareng hoedjan tèa,  
sabadana mèga mènglèd langit ber-  
sih,  
halègar titingalan,
- VII. Awang-awang dipamikeun istri,  
hoedjanna minangka bobot tèa,  
raatna lastari salsè,  
brajna kasoekkan kalboe,  
hibar lajoeng tjaangna pikir,  
katoembiri panghias,  
papaès pangiroet,  
nambahan sari kasmaran,  
panarikna ka ati woewoeh birahi,  
landong pipilis tèa.

**GOEGOERITAN PARANTI  
NJAWÈR.**

*Asmarandana.*

1. Sim koering njoehoenkeun widi,  
ka sadaja noe majoenan,  
badè njelang heula njawèr,  
samèmèh ngersakeun toeang,  
metakeun karasmian,  
galib talari karoehoen,  
toeroenan ti Nabi Adam.
2. Metik galibna noe alim,  
noelad pitoeah pandita,  
didamel Soendana baè,  
poegoeh poeloenganeunana,  
mangga kanggo loemajan,  
aja noe resep ngadangoe,  
tah kieu ieu oengelna.

*Kinanti.*

3. Poen sapoen ka Sang Roemoehoen,  
ka Batara ka Batari,  
ka Batara Naga Radja,  
ka sadaja pra Pèhatji,  
ka Goeroe Ratoe sadaja,  
noe tjalik djadi tjandoli.
4. Kaoelanoen amit ampoen,  
ka anoë kagoengan boemi,  
tobat ka para djoeragan,  
anoë sami pada soemping,  
noe lenggah di papadangan,  
toea anom djaler istri.
5. Rèpèh sadaja noe koempoel,  
noe njawèr kaloeli-loeli,  
njawèr moerangkalih soenat,  
noeroetan djaman bihari,  
lampah sepoeh noe baheula,  
njoehoenkeun salamet diri.
6. Mentas ngaloeloeskeun lakoe,  
prantos ngabangbrangkeun galih,  
moendjoeng ka iboe ka rama,  
ka nini sareng ka aki,  
ka bibi sareng ka paman,  
koe doemèh nembèan soemping.

7. Tjoendoek bajoena ti timoer,  
dongkap atmana ti hilir,  
kèngingna lantang ti pasar,  
beunang ngadjak samamargi,  
nja kènging ngandoeng iboena,  
ti kang rama awit nittis.
8. Kawitan ti asal enoer,  
moelana asal ngadjadi,  
saboelan sang koempa hërang,  
doea boelan koempa hening,  
tiloe boelan goeloeng rasa,  
opat sasih toeroen rohid.
9. Lima sasih emboet-emboet,  
genep sasih bisa malik,  
toedjoeh sasih roh ka doea,  
dalapan sasih wahdati,  
ka salapan oedjang medal,  
nja soemping ka alam lahir.
10. Loengsoer ti marga rahajoe,  
nja soemping ka marga boemi,  
soemèar di alam padang,  
soeka rama iboe nini,  
deudeuh djaja karantenan,  
pameget di kolong langit.
11. Nangtoeng dina koewoeng-koewoeng,  
mipir-mipir katoembiri,  
njoekang dina tédja mentrang,  
njèlèkèt di kilat tatit,  
pangawak hédjo tjaroelang,  
watek kaimpoengan wargi.
12. Njekel di palias djoekoet,  
masing titih soegih moekti,  
mangka loeas beurat beunghar,  
loba doeit boentjir leuit,  
soegih keton rëa ketan,  
salira djadian siwi.
13. Seuweu ratoe kedah toemoet,  
poetra mantri kedah tilik,  
noe agoeng linggih di radja,  
noe èndah lebah di goesti,  
dilingkoeng para djoewita,  
dibanding pra widadari.
14. Goeroe ratoe koedoe toemoet,  
para wali noe ti gigir,  
iboe ramana ti tengah,  
ti poengkoereun sanak wargi,  
ti loehoer pra malaikat,  
noe ngabagikeun redjeki.
15. Poeter koeroeng di pangamboeng,  
boeloe bitis kawas pitjis,  
tapak djalak dina lètah,  
radja kalang dina pipi,  
radjah wahana didada,  
satria djalantir koening.
16. Noe nilik sakabèh woejoeng,  
noe ningal sadaja asih,  
ngembeng pandjang boeboedina,  
noe loenggoeh mindag ti peuting,  
oelat manis ngembang mèntjrang,  
midang siang anom sigit.

#### SINOM.

17. Sekar bingbin langarian,  
sekar kalapa tjinoegi,  
sekar pinang di majangna,  
soekoer kamanjangan teuing,  
disawèr koe bèas koening,  
bèas beureum anoe hoeroeng,  
koeningna kawas tédja,  
ditingalna langkoeng resmi,  
ngagoerilap hërang mani siga emas.
18. Nabi Joesoep noe madjengan,  
disanding koe nabi Idris,  
digenggem koe Rasoelloelah,  
moeroeb sakoeriling diri,  
Nabi kabèh noe ngaraping,  
loenggoehna dina rahajoe,  
djajana kamanoesaan,  
tjalik di sanggiang sakti,  
malaikat sadajana noe ngadjaga.
19. Koe Djabrail disandingan,  
djeung Malaikat Minkail,  
Isropil nja kitoe pisan,  
ngaraksa sakoedjoer djisim,  
nitipkeun beurang peuting,  
ka sadaja noe kaseboet,  
kabèh para olia,  
sinareng ka para wali,  
moega nganti sampoerna doanja ac-  
hèrat.

## KINANTI.

20. Pajoeng tiloe noengkoek-noengkoek, pajoeng toedjoeh noe ngoeriling, pajoeng dalapan ngadjadjar, pajoeng salapan ngabanding, oelah katoengkoel ramana, sareng oelah boeret galih,
21. Koedoe nganggit-nganggit kalmoe, kadah ngaraoskeun galih, noe njawèr kedah sampoerna, soepanten toemalna matih, panadjem oelah ditilar, bati dagang kedah bidjil.
22. Oetjoetkeun popondèn radjoet, pikeun toelak sial diri, malar tebih balaina, masingna parek redjeki, salamet pandjang joeswana, doegi ka alam noe lahir.
23. Neda ma'loem tjoekoeop loemoer, ka sadaja noe lalinggih, ieu anoe njawèr tamat, geura lebet moerangkalih, tjalikkeun di papadangan, ondangan soemangga linggih.

### Basa Soenda

Basa djadi tjitjirèn bangsa

(Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).

1. *Basa Indonesie* (Kapoeloan Soenda, Malaka Filipina, Formosa, Madagaskar).
2. *Basa<sup>2</sup> Melanesie* (Mikronesie, poelo<sup>2</sup> Bismark poelo<sup>2</sup> Salomon, Tidji, Nieuw Hebriden, Nieuw Calidonie sareng sabagian basisir Nieuw Guinea).
3. *Basa<sup>2</sup> Polynesie* (Tonga, Samoa, Nieuw Zeeland, Tahiti, Hawaii).

Basa<sup>2</sup> di Halmahèra kalèr sareng basa<sup>2</sup> Papoea, èta henteu kalebet kana bondorojot Austronesie.

Èta tedak basa<sup>2</sup> Hindia di bagi djadi doea bagian:

I. Basa Austronesie, noe dibagi deui djadi 3 pentjaran, nja èta:

#### A. Basa koelon:

1. Golongan Soematra: basa Atjèh, Gajoe, Batak, Minangkabo, Malajoe, Mèntawi, Enggano sareng basa<sup>2</sup> di Malaka sareng Malagasi.
2. Golongan Djawa: basa Soenda, Djawa, Madoera sareng Bali.

B. *Basa, Bornèò*, ieu basa loba sapatot-snat<sup>2</sup> sareng Basa Koelon, seueur ngalana ka Basa Wètan. Anoe kalebet ka dieu: basa Iban, basa Dajak-laoet, Kajan . . . sareng seueur<sup>2</sup> deui.

#### C. Basa Wètan:

1. Golongan Sèlèbes: basa Gorontalo, Tomini, Toradja, Makasar, Boegis sareng sadjabi ti èta.
2. Golongan Soembawa: basa Saksak, basa Soembawa.
3. Golongan Soemba-Bima: basa Soembawa-wètan, Flores-koelon, Soemba sareng Saboe.
4. Golongan Ambon-Timoer: basa Flores-wètan, Kei, Sèram, Ambon sareng seueur<sup>2</sup> deui.
5. Golongan Soela: basa Batjan, Halmahèra-kidoel sareng sadjabi ti èta.
6. Golongan Filipina: basa<sup>2</sup> kapoeloan Filipina, Marèannen, Carolinen, Formosa-kidoel, Bornèò-Inggris beulah kalèr-wètan, Falaoed, Sangir, Bantik, Benteenan, Tonsea, Tomboeloe, Tondano, Tontemboan.

II. Sanès basa Austronesie:

A. *Basa Halmahèra-kalèr*, dipakèna koe oerang Halmahèra-kalèr, Ternate, Tidore sareng poelo<sup>2</sup> Loloda beulah kalèr sareng kidoel, Raee, Morotaj sareng poelo<sup>2</sup> noe aja toeroet<sup>2</sup> basisir Tobelo.

B. *Basa Papoea* di Nieuw Guinea. Èta basa<sup>2</sup> ka bondorojot Austronesie teu lebet, ka Australia teu lebet, sareng binten<sup>2</sup> pisan, dongkap ka tampolana oerang kampoeng ieu teu

ngartoseun kana basa tatangga  
kampoengna. (1)

### POERADIREDJA.

Aja samboenganana.

(1) Ieu anoe ditjarioskeun geus aja pokona,  
diterangkeun dina boekoe karangan toean van Eer-  
de: Inleiding tot de Volkenkunde van Ned. Indië.

Red.

### Wawatjan Silawangi.

(Samboengan Poesaka-Soenda No. 1).

### ASMARANDANA.

61. Doea panakawan ngiring,  
Tandesan djeung Papagratang,  
Radja Poetra njaoer alon,  
nimbalan ka Tandesan,  
sia ajeuna miang,  
tèang adi Radja Soenoe,  
adjakan ka Pangdadaran.
62. Tadi rèa boedak balik,  
batoerna oelin maroelang,  
pagar diboeboerak kabèh,  
rèh eukeur ngintip titiran,  
koe sia geura papaj,  
poma-poma sing katimoe,  
iringkeun ka Pangdadaran.
63. Poen Tandesan njembah amit,  
miangna ngemban timbalan,  
prok djeung Radèn Patih amprok,  
mariksa mana djoeragan,  
Tandesan njembah oendjoekan,  
poetra parantos ti pajoen,  
moeng ka doea Papagratang.
64. Abdi kedah moelang deui,  
ngilari Pamanahrasa,  
soesoempit ka leuweung ganggong,  
disaoer koe lenggah poetra,

sing kabantoean ajeuna,  
lahir Raden Patih soekoer,  
adjakan kahadè gagal.

65. Tandesan miang ngagidig,  
nèangan ka tipar reuma,  
bèh manggih saeeng kodompol,  
eusi aki djoeroe hoema,  
koe oetoesan pok ditanja,  
soegan mendak radja Soenoe,  
ka saeeng njimpang ngioehan,
66. Tèmbal aki aja tadi,  
tapi henteu koengsi lila,  
ngoedag manoeek ka bèh kalèr,  
teroes poen Tandesan mapaj,  
lila-lila prok kapendak,  
Tandesan njembah mioendjoek,  
Goesti mangkè heulaanan.
67. Kagèt Dèn Poetra ningali,  
panakawan anoe dongkap,  
mamang arèk aja naon,  
koela makè disoesoelan,  
da moal kamalinaan,  
kawas noe aja pereloe?  
Pioendjoekna poen Tandesan.
68. Mila abdi gadag-gidig,  
ngemban dawoeh kangdjeng raka.  
rèhing badè ramè-ramè,  
rèk pèsta di Pangdadaran,  
leui Si Patahoenan,  
soekan-soekan bari moendjoeng,  
gamparan dihatoeranan.
69. Saking sanget raka asih,  
henteu kersa pisan anggang,  
ajeuna èngal dianos,  
koe raka di Pangdadaran,  
Radja Soenoe ngandika,  
koela mah teu niat miloe,  
mo moedja nèang daradjat,
70. Teu goena didadar deui,  
da kaka noe pangsepoehna,  
kaoela mah leutik kènèh,  
tangtoena ogè djeng rama,  
moal salah moal boa,  
ka angkatna moendjoengdjoeng loeng-  
goeh,  
teu koe moendjoeng moemoedja,

W. Silawangi  
(2) = 4 k  
p. 29-32

KINANTI.

71. Tandesan soedjoed toemoengkoel,  
noen Goesti sembaheun abdi,  
moegi oelah lepat sangka,  
èstoe raka langkoeng asih,  
kontjara koe sanagara,  
kaboekti koe abdi-abdi.
72. Mashoer djadi kembang tjatoer,  
kajoengjoen asih ka rai,  
ajeuna kersana raka,  
rèk pèsta di sisi tjai,  
tjoerak-tjoerak borak-borak,  
gamparan kedah kairing.
73. Sanget Tandesan mioendjoek,  
pisembahna melas-melis,  
lamoen gamparan teu kersa,  
henteu kairing koe abdi,  
aloe abdi sim telasan,  
mangga beuheung abdi peuntjit.
74. Pok ngadawoeh Radja Soenoe:  
Lamoen kitoe koela ngiring,  
ka kersana kangdjeng raka,  
soemerah moal soemingkir,  
ngambangkeun sakarsa kakang,  
bral mangkat Radèn diiring,
76. Angkat salirana lesoe,  
wirasatna ngangres ngerik,  
koe Tandesan rèk diemban,  
Radèn njaoer loengas-lengis,  
sok moen oelah gantjang-gantjang,  
soemeblak teu raos galih.
77. Toenda anoe keur loemakoe,  
nandangan loengsè prihatin,  
katjatoer Asmoenalarang,  
anoe geus soemping ka tjai,  
sareng Patih Banjaksoemba,  
soeka galih taki-taki.
78. Dèn Patih alon ngadawoeh,  
moen rempag djeung poetra adji,  
mangga geura njoba-njoba,  
samèmèhna soemping rai,  
manawi kadar iasa,  
nanging mangka ati-ati.
79. Mama rèk mawa parahoe,  
ngadjaga ti birit leuwi,  
bisi poetra henteu tahan,  
koe tjai kabawa palid,  
geura mangga njoba ngodjaj,  
djoegdjoeg toegoé noe maranti.
80. Sanggeus Radèn nampi woeroek,  
ladjeng nganggo-nganggo singkil,  
raksoekan sindjang diboeka,  
tjawet tjindè soetra wening,  
Radèn Patih geus nitihan,  
parahoe megat ti hilir.
81. Asmoenalarang geus loengsoer,  
njipta goeroe matek adji,  
mapatkeun poedji Hong Hiang,  
tjoendoek bajoe dèwa asih,  
raga soekma kamadjaja,  
wisnoe djati ngemban mami,
82. Soj ngodjaj ti anoe lieh,  
kagitik koe tjai tarik,  
lep ngolèab teu katingal,  
pandakawan djerat-djerit,  
goesti tiwas goesti tiwas,  
ngajangkang ngoemboel di hilir.
83. Rikat parahoena moeroe,  
koe Radèn Patih dikeumbing,  
disangga koe djoeroe welah,  
oekoer teu djadi balai,  
handjat bisa katoeloengan,  
henteu wani madjoe deui.
84. Soemping ka saoeng ngadjentoel,  
roemaos katjingtjirihi,  
adjrih isin tambih wirang,  
daradjat salira sisip,  
woewoeh tjoea ka raina,  
djoelig kasilir koe dengki.
85. Koe Radèn Patih kamaphoem,  
Poetra pinanggih djeung adjrih,  
ènggal dileledjar manah,  
Pangdadaran radjeun djalir,  
mèntjog henteu sahinasma,  
totondèn teu tangtos pasti.
86. Nanging rèa anoe loepoet,  
nadjan njoekang ngodjaj nepi,  
ari baloekarna gagal,

- kersa njoekang meuntas leuwi,  
ari di lebet galih mah,  
sia modar tengah tjai.
92. Raina alon hoematoer,  
adoeh kakang djsim abdi,  
henteu pisan aja niat,  
njoba norah ngoedji diri,  
ningal waloengan oempalan,  
geuning nja lega nja tarik.
93. Angot djalan pakeun wangsoel,  
njoekang areuj tanding tjinggir,  
pandjangna ratoesan deupa,  
taja pakeun abdi wani,  
teu kadada teu kadoega,  
pikir abdi mangsar-mingsir.
87. Keur kitoe Tandesan tjoendoek,  
Radja Soenoe noe diiring,  
ènggal koe raka dipapag,  
prok amprok rai ngabakti,  
ka Radèn Patih moendjoengan,  
lahir rama mangga linggih.
88. Brak barang toeang ngarioeng,  
da ngadjagrag geus sajadi,  
satoetasna barang toeang,  
Asmoenalarang ngalahir,  
adi geura njoba-njoba,  
siram ngodjaj dina leuwi.
89. Meuntas ti kalèr ka kidoel,  
kaka mah parantos tadi,  
èstoe genah nanakeran,  
ngodjaj silanglang maranti,  
ngan keur njoekang rada lewang,  
sieun ngolèang tigoeling.
90. Djeung inggis areuj ngadjeproet,  
tapina dipikir deui,  
sanadjan areujna pegat,  
ragragna tangtoe ka tjai,  
ngan kaka tatjan ka goeha,  
engké baè eudjeung adi.
91. Eta saer noe sakitoe,  
èstoe medal tina djoelig,  
malar rai langsar manah,  
lir pètangan kitoe deui,  
aja njata aja tjidra,  
teu beunang disangka sidik.
94. Moegi kakang tjoekoep loemoer,  
rèhing abdi masih alit,  
karesep ngan ngadoe panggal,  
sareng boedak batoer oelin,  
pipir imah diberoean,  
oelin teu djaoeh ti boemi.
95. Rakana bendoe ngadawoeh,  
adi oelah njingtjiringik,  
oerang tèh toeroenan radja,  
tedak terahing perdjoerit,  
wedalan radja prawira,  
terah tètésan narpati.
96. Digadang ngadjadi ratoe,  
oelah miris ati djerih,  
mapan ieu Pangdadaran,  
lain pakeun djalan pati,  
moen bisa tambah daradjat,  
moedja moendjoeng njangling diri.
97. Rai ngalengis hoematoer,  
tjisotja merebes mili,  
Doeh goesti padoeka raka,  
sim abdi sanget teu wani,  
rèh lain bakal keur radja,  
teu mandjing ngadjadi Adji.
98. Rakana ngagoedoeg bendoe,  
ngodjèngkang arèk ngabanting,  
Patih Banjak Soemba rikat,  
radja Soenoe noe ditjangking,  
lahirna ih engké heula,  
oelah wara moerang-maring.
99. Pamanah Rasa diwoedjoek,  
koe saer noe titih rintih,  
diwoeroekan dioepahan,  
oedjoeng mangka gilig ati,  
ajeuna lakonan heula,  
toeroet kersa raka adji.
100. Wajahna seug geura loengsoer,  
siram ngodjaj tengah leuwi,  
ti kalér teroeskeun meuntas,  
ka toegoe kiara djadid,  
moelang mapaj areuj njoekang,  
mama ngadjaga ti hilir.
101. Dèn Anom doeg njoeoh soedjoed,  
oengsrak-ingsreuk nangis leutik,  
njoengkem ka pangkon oeana,

- njambat ka iboe rama Dji,  
adoeh iboe pileuleujan,  
poetra iboe poepoes hidji.
102. Doeh Déwa noe Maha Agoeng,  
doeh goesti Resi Batari,  
moegia amba ditingal,  
paring pitoeloeng jang Widi,  
ginandjar rahmat sapaät,  
titis toelis Maha Soetji.
103. Toetas nangis moesna lesoe,  
kasilih roeat djasmani,  
rap dangdan njingsetkeun sindjang,  
saboek soetra tjindé wilis,  
sapangango teu dilan,  
kongkorong mas doeket koening.
104. Geulang kangkaloeng teu oetjoel.  
angoan tjara sasari,  
saboek tjindé sindjang soetra,  
dangdanan anoe maranti,  
anggon-anggon kasatrian,  
tjindé diboelat-dibeulit.
105. Soeroep kaloengsoeran wahjoe,  
Raden nganggo geus tarapti,  
moendjoengan heula ka rama  
mantjat ka sang Keukeumbingan  
ka rakana kitoe deui,  
hatoeran tanda pang hormat,  
pangbakti tawis rék amit.
106. Toeloej Radja Soenoe loengsoer,  
ka kiara sisi tjai,  
welas sadaja noe ningal,  
Patih tjaringtjing ti hilir,  
nitih rakit pamegatan,  
Dén Anom antjroeb ka leuwi.
107. Soj ngodjaj ka toegoe kidoel,  
ti kalér mimiti njewik,  
badis kawas éngkang-éngkang,  
teu kalis koe tjai tarik,  
sakolépat Radén dongkap,  
noedjoe toegoe nitih pasti.
108. Noe ningal kantoen gegetoen,  
digdjajana moerangkalih,  
njoekang gampang lir maranti,  
di tengah ség oetjang-oetjang,  
itjal lewang sirna miris.

109. Rakana toengkoel djamedoed,  
ningal tandang tangting rai,  
kawas lain samanéa,  
teu lami raina soemping,  
loengsoer tina keunkeumbingan,  
medek ka rahadén Patih.

110. Saloengsoerna ladjeng moendjoeng,  
rakana énggal ngalahir,  
soekoer bagdja kamandjangan,  
adi aja milik diri,  
tjatjapkeun prak geura siram,  
di poeser telenging leuwi.

*Tess* Aja samboenganana.

### Pihatoer Redaksi

Djoeragan-djoeragan anoe parantos di-  
kintoen Poesaka Soenda No. 1, namoeng  
henteu ngawangsoelkeun deui Poesaka  
Soendana, ieu ajeuna dikitoenan deui no-  
mer 2—3, sareng teras dilebetkeun djadi  
langganan, margi sakoemaha anoe paran-  
tos kaoengel dina P. S. nomer hidji, jèn  
soegri anoe henteu badè ladjeng ngalang-  
gan, kedah ngawangsoelkeun Poesaka  
Soenda No. 1 teà.

Ka para Djoeragan anoe parantos ngin-  
toenkeun serat pamoendoet djadi langgan-  
an, sareng ka sadaja anoe ngarodjong  
ngadeudeul kamadjenganana P. S. boh  
ngempelkeun pilanggananeun boh mapar-  
in karangan eusikeuneun kana P. S. anoe  
djadi Redaksi oendjoek pinten-pinten noe-  
hoen.

Di tempat-tempat aroe teu atjan aja  
anoe ngaloeloe goekeun kana tambihna  
langganan P. S. koe Redaksi sanget dia-  
djeng-adjeng pitandangna para Djoera-  
gan di èta tempat. Moegi sadajana kersa  
ngaliarkeun ngawawarkeun ieu Poesaka  
Soenda.

Kadjabi ti èta, sinarengan Poesaka  
Soenda ieu, Redaksi ngintoenkeun post-  
wissel kosong, anggoeun ngintoenkeun ar-  
tos langganan Poesaka Soenda sataoeuneun.